



Pou Piblikasyon Imedya: 07/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DISTRI LEKÒL YO KAPAB PÈMÈT ELÈV YO RETIRE MASK YO DEYÒ

*Direktiv sou itilizasyon mask nan espas andedan yo rete an vigè*

*Chanjman yo alinye direktiv pou kan dete yo avèk direktiv lekòl yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a kte distri lekòl yo kapab chwazi pou leve egzijans ke timoun yo dwe pote mask nan espas deyò yo. Direktiv sou itilizasyon mask nan espas andedan yo rete an vigè. Chanjman sa a alinye direktiv sou lekòl Eta New York la ak direktiv sou kan dete Sant pou Kontwòl a Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a, kote yo pa egzije menm elèv ki pa pran vaksen yo pote yon mask nan espas deyò yo.

"Chif yo montre ke risk pou timoun transmèt maladi a ekstrèmman ba, espesyalman nan Eta sa a, ki genyen yon pousantaj pozitif ki trè ba. Nou te pase avèk CDC a, epi piske yo pa pral chanje direktiv yo a pou pandan plizyè semèn nan Eta New York, nou pral modifiye direktiv CDC a ak pèmèt lekòl yo chwazi okenn mask nan espas deyò yo pou timoun yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou pral kite distri lekòl lokal yo decide sou sa epi nou te pale avèk CDC a, ki pa gen okenn ojeksyon. Li trè enpòtan pou moun konprann lojik ki dèyè desizyon sa yo epi ke yo rasyonèl epi yo baze sou lasyans ak sou done. Nou genyen yon dwa pou nou dekonekte kounye a ant direktiv lekòl la ak direktiv kan an, epi li enpòtan pou nou rektifye li paske si moun pa panse règleman yo lojik, donk yo pa pral vle swiv règleman yo".

Nan dat 24 me a, Gouvènè Cuomo te anonse ke baze sou trajektwa aktyèl COVID la, [tout lekòl Eta New York pral re-ouvri](#) pou aprantisaj total an pèsòn pou ane akademik 2021-2022 apati mwa septanm lan.

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)